



Enfòmasyon Enpòtan pou Paran yo Konsènan Pou nan Tèt Timoun yo

Dat: _____

Chè Paran/Responsab,

Bienveni nan yon nouvo ane lekòl! Nou ap voye lèt sa a bay paran tout elèv ki nan klas pre-K pou rive jis nan klas Sèm ane pou ka ogmante konesans nou sou pou ki nan tèt timoun yo. Nenpòt lè timoun rasanble ansanm, tankou pa ekzanp nan kòmansman ane lekòl, lè youn al dòmi lakay lòt, nan nenpòt gwoup sosyal tankou pa ekzanp Gwoup Eskout, Ti Ekip Bezòl, etc, ka epidemi pou nan tèt yo kapab ogmante. Nou ap ofri ou enfòmasyon sa a yon fason pou w ka fè premye pa a lakay la pou pou ede prevni pou pitit ou pa trape ensèk yo rele pou a nan tèt yo. **Paran oubyen responsab yo genyen pi gran responsablite pou asire yo ke timoun yo pa genyen pou avèk ze pou nan tèt yo. Yo rekòmande ke ou tcheke tèt pitit ou chak semèn pou chèche ti bèt yo rele pou yo ak/oubyen ze yo.**

Se kisa pou avèk ze pou yo ye?

Pou se yon seri parazit ki pa gen zèl ki abite nan po tèt yon moun e ki bwè san moun nan kòm nouriti. Jeneralman ou jwenn yo nan zòn bò zòrèy ak deyè kou moun nan, pou ki fin devlope yo kapab gwose yon grenn jijiri. Femèl la ponn ze li yo (epi li fè nich li) ki piti e yo genyen koulè ajan epi souvan ou jwenn yo a anvivon ¼ pous de po tèt la. Li gen dwa pa fasil pou ou wè yo e yo kapab "kole" nan rasin cheve a. Pafwa ou kapab konfonn yo avèk kap ki nan tèt la. Lè ze yo kale, yo ap fè tèt ou grate epi yo rann ou pa alèz men yo pa pwopaje maladi.

Se kijan pou yo pwopaje?

Yo jwenn pou trè souvan nan tèt jèn timoun akòz lè yo fè kontak de prè avèk lòt timoun. Kontak dirèk, fizik, tèt a tèt se jeneralman metòd transmisyon an. Pou pa ka vole, yo pa ka sote oubyen naje. Sepandan, yo konnen kijan pou yo rale byen. Ou kapab pataje pou tou si ou pataje avèk lòt moun atik pèsònèl ou tankou pa ekzanp chapo, bwòs tèt oubyen peny. Lè yon moun genyen pou nan tèt li, sa pa vle di ke li pa gen bon ijyèn epi tou yo pa transmèt maladi. Ou pa bezwen panike si ou tande gen yon elèv nan klas pitit ou a ki genyen pou nan tèt li, epi pou asime ke pitit ou a pral "trape" pou otomatikman.

Se kijan mwen ka fè konnen si pitit mwen an genyen pou oubyen nich pou nan tèt li?

Men kèk siy ki ka fè ou konnen si pitit ou a gen pou nan tèt li: lè li ap grate po tèt li tout tan; lè li santi genyen bagay ki ap mache nan cheve li; lè ou ka wè pou yo ap mache nan tèt li. Si pitit ou a genyen nenpòt nan siy oubyen sentòm sa yo, ou ta dwe mennen li bay yon pwofesyonèl sante oubyen enfimye ki afekte nan lekòl la pou ekzamine li. Ti bèt yo rele pou yo deplase rapid epi li kapab difisil pou wè yo.

Se kijan mwen kapab anpeche pwopagasyon pou nan tèt?

- Ekzamine tèt pitit ou a chak semèn pou chèche pou ak/oubyen nich. Si ou jwenn pou oswa nich pou nan tèt li, tanpri fè lekòl la konnen sa epi kenbe li lakay la jiskaske li fin byen trete. Timoun ki genyen pou vivan ak/oubyen nich ak ze pou nan tèt yo ki pa trete pa dwe vini lekòl la. Fòk genyen yon paran ki akonpanye timoun nan lè li ap retounen lekòl epi manb pèsònèl lekòl yo pral cheke tèt li pou asire ke tèt li pa gen pou ankò ki ap mache ladan. Pa voye timoun nan retounen lekòl la si li gen pou ki ap mache nan tèt li toujou.
- Yon fwa ke pitit ou fin resevwa tretman kont pou yo, li gen dwa retounen lekòl la kote yo pral kontinye re-tcheke tèt li pou asire ke tretman an te efikas.
- Aprann pitit ou a pou li pa pataje peny li, bwòs tèt li, barèt, chapo, sèvyèt ak lòt atik pèsònèl li.
- Aprann pitit ou a evite kole tèt li ak tèt lòt timoun lè yo ap jwe ak lè yo ap fè lòt aktivite ansanm.

Pou plis enfòmasyon konsènan pou nan tèt timoun ak jan yo trete li, tanpre kontakte enfimye lekòl pitit ou a. Si ou vle wè pwosedi distri a avèk enfòmasyon yo mete pou paran yo konsènan fason pou yo jere pou nan tèt timoun yo, tanpri vizite sit entènèt nou an nan www.collierschools.com. Mèsi pou ed ak sipò ke ou ap ba nou.

Sensèman,

Direktè (tris) Lekòl la



Enfòmasyon Enpòtan pou Paran yo Konsènan Pou nan Tèt Timoun yo

Dat: _____

Chè Paran/Responsab,

Byenveni nan yon nouvo ane lekòl! Nou ap voye lèt sa a bay paran tout elèv ki nan klas pre-K pou rive jis nan klas 8èm ane pou ka ogmante konesans nou sou pou ki nan tèt timoun yo. Nenpòt lè timoun rasanble ansanm, tankou pa ekzanp nan kòmansman ane lekòl, lè youn al dòmi lakay lòt, nan nenpòt gwoup sosyal tankou pa ekzanp Gwoup Eskout, Ti Ekip Bezbòl, etc, ka epidemi pou nan tèt yo kapab ogmante. Nou ap ofri ou enfòmasyon sa a yon fason pou w ka fè premye pa a lakay la pou pou ede prevni pou pitit ou pa trape ensèk yo rele pou a nan tèt yo. **Paran oubyen responsab yo genyen pi gran responsabilite pou asire yo ke timoun yo pa genyen pou avèk ze pou nan tèt yo. Yo rekòmande ke ou tcheke tèt pitit ou chak semèn pou chèche ti bèt yo rele pou yo ak/oubyen ze yo.**

Se kisa pou avèk ze pou yo ye?

Pou se yon seri parazit ki pa gen zèl ki abite nan po tèt yon moun e ki bwè san moun nan kòm nouriti. Jeneralman ou jwenn yo nan zòn bò zòrèy ak dèyè kou moun nan, pou ki fin devlope yo kapab gwose yon grenn jijiri. Femèl la ponn ze li yo (epi li fè nich li) ki piti e yo genyen koulè ajan epi souvan ou jwenn yo a anviwon ¼ pous de po tèt la. Li gen dwa pa fasil pou ou wè yo e yo kapab "kole" nan rasin cheve a. Pafwa ou kapab konfonn yo avèk kap ki nan tèt la. Lè ze yo kale, yo ap fè tèt ou grate epi yo rann ou pa alèz men yo pa pwopaje maladi.

Se kijan pou yo pwopaje?

Yo jwenn pou trè souvan nan tèt jèn timoun akòz lè yo fè kontak de pre avèk lòt timoun. Kontak dirèk, fizik, tèt a tèt se jeneralman metòd transmisyon an. Pou pa ka vole, yo pa ka sote oubyen naje. Sepandan, yo konnen kijan pou yo rale byen. Ou kapab pataje pou tou si ou pataje avèk lòt moun atik pèsònèl ou tankou pa ekzanp chapo, bwòs tèt oubyen peny. Lè yon moun genyen pou nan tèt li, sa pa vle di ke li pa gen bon ijyèn epi tou yo pa transmèt maladi. Ou pa bezwen panike si ou tande gen yon elèv nan klas pitit ou a ki genyen pou nan tèt li, epi pou asime ke pitit ou a pral "trape" pou otomatikman.

Se kijan mwen ka fè konnen si pitit mwen an genyen pou oubyen nich pou nan tèt li?

Men kèk siy ki ka fè ou konnen si pitit ou a gen pou nan tèt li: lè li ap grate po tèt li tout tan; lè li santi genyen bagay ki ap mache nan cheve li; lè ou ka wè pou yo ap mache nan tèt li. Si pitit ou a genyen nenpòt nan siy oubyen sentòm sa yo, ou ta dwe mennen li bay yon pwofesyonèl sante oubyen enfimye ki afekte nan lekòl la pou ekzamine li. Ti bèt yo rele pou yo deplase rapid epi li kapab difisil pou wè yo.

Se kijan mwen kapab anpeche pwopagasyon pou nan tèt?

- Ekzamine tèt pitit ou a chak semèn pou chèche pou ak/oubyen nich. Si ou jwenn pou oswa nich pou nan tèt li, tanpri fè lekòl la konnen sa epi kenbe li lakay la jiskaske li fin byen trete. Timoun ki genyen pou vivan ak/oubyen nich ak ze pou nan tèt yo ki pa trete pa dwe vini lekòl la. Fòk genyen yon paran ki akonpanye timoun nan lè li ap retounen lekòl epi manb pèsònèl lekòl yo pral cheke tèt li pou asire ke tèt li pa gen pou ankò ki ap mache ladan. Pa voye timoun nan retounen lekòl la si li gen pou ki ap mache nan tèt li toujou.
- Yon fwa ke pitit ou fin resevwa tretman kont pou yo, li gen dwa retounen lekòl la kote yo pral kontinye re-tcheke tèt li pou asire ke tretman an te efikas.
- Aprann pitit ou a pou li pa pataje peny li, bwòs tèt li, barèt, chapo, sèvyèt ak lòt atik pèsònèl li.
- Aprann pitit ou a evite kole tèt li ak tèt lòt timoun lè yo ap jwe ak lè yo ap fè lòt aktivite ansanm.

Pou plis enfòmasyon konsènan pou nan tèt timoun ak jan yo trete li, tanpre kontakte enfimye lekòl pitit ou a. si ou vle wè pwosedi distri a avèk enfòmasyon yo mete pou paran yo konsènan fason pou yo jere pou nan tèt timoun yo, tanpri vizite sit entènèt nou an nan www.collierschools.com. Mèsi pou èd ak sipò ke ou ap ba nou.

Sensèman,

Direktè (tris) Lekòl la